

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nyaéta hiji tarékah pikeun nyangking pangaweruh atawa jalan pikeun ngaréngsékeun pasualan nu keur disalusur, anu dina prak-prakanana dilakukeun sacara ilmiah, sistematis, jeung logis (Arikunto, 2013, kc. 15). Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analisis. Méthode déskriptif dilaksanakeun kucara maluruh informasi anu patali jeung gejala nu aya, udagan anu rék dihontal dijelaskeun sacara jéntré, ngatataharkeun kumaha pamarekanana jeung ngumpulkeun sakabéh data minangka bahan pikeun nyieun laporan (Jayusman, 2020, kc. 15).

Pamarekan nu digunakeun dina panalungtikan ngeunaan citra wanoja dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* Tiktik Rusyani nyaéta pamarekan kualitatif nu ngagunakeun méthode déskriptif analisis jeung téhnik talaah pustaka. Méthode déskriptif ngagambarkeun fakta-fakta anu aya sacara cermat jeung sistematis. Dina ieu panalungtikan bakal didéskripsikeun ngeunaan naon waé isu gender nurutkeun sawangan féminisme sosialis anu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani.


Ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan kualitatif. Ieu méthode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun karya sastra jeung nafsirkeun ma'na karya sastra. Sumber tina méthode kualitatif pikeun karya sastra nyaéta masarakat salaku palaku sosial jeung data formal anu mangrupa naskah karya sastra. Ciri-ciri méthode panalungtikan kualitatif nurutkeun (Hudhana, 2019, kc. 75), nyaéta (1) minangka studi kultur anu merhatikeun ma'na karya sastra, (2) ayana interaksi subjek panalungtikan jeung objek panalungtikan, (3) panalungtikan anu dilakukeun sipatna terbuka, (4) panalungtikan sipatna alamiah saluyu kana kamekaran sosial-budaya masarakat.

Nurutkeun Sugihastuti jeung Suharto (2016, kc. 73), dina kritik sastra feminis, data anu ditalungtik miboga sipat kualitatif, misalna data-data anu ngadéskripsikeun status jeung kalungguhan wanoja dina kahirupan kulawarga, masarakat, jeung lingkungan sosialna. Data anu dikumpulkeun dina ieu

panalungtikan mangrupa kutipan-kutipan téks tina kumpu clan carpon *Srikandi Néangan Gawé* anu mangrupa kecap, kalimah, atawa dialog. Anapon éta kutipan patali jeung isu gender dina sawangan féminisme sosialis anu bakal dipedar dina ieu panalungtikan.

3.2 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan diwengku ku sababaraha alur panalungtikan di antarana prosés tatahar, ngumpulkeun data, ngolah data, nyieun kacindekan jeung nyusun laporan panalungtikan. Hal-hal anu dilakukeun dina alur panalungtikan dijelaskeun dina bagan désain panalungtikan.



Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan

3.3 Téknik Panalungtikan

Dina téknik panalungtikan diwengku ku dua cara nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun nyaéta ngagunakeun studi pustaka. Dimana panalungtik ngumpulkeun bahan référénsi boh dina buku, artikel atawa skripsi pikeun jadi bahan maluruh analisis struktur carita jeung kritik sastra féminis dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé*.

Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data pikeun panalungtika, nya éta:

- 1) Maca buku kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* kalawan saksama;
- 2) maluruh struktur carita anu aya dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé*;
- 3) maluruh isu gender anu patali jeung sosial-ékonomi tokoh wanoja nu aya dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé*;
- 4) maluruh citra sosial tokoh wanoja dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé*;
- 5) ngolah data ngagunakeun kode data pikeun nyieun kacindekan.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis. Analisis data nyaéta prosés maluruh jeung nyusun data anu geus dikumpulkeun kalawan sistematis. Prosés ngolah data nyaéta kucara ngaorganisasikeun data kana kategori, ngajabarkeun kana unit-unit, ngalakukeun sintesa, jeung nyieun kacindekan sangkan gampang dipikapaham (Sugiyono, 2013, kc. 244). Tujuan dina téhnik analisis data nyaéta pikeun ngajawab rumusan masalah atawa nguji hipotésis anu geus dirumuskeun.

Data anu dianalisis nyaéta analisis struktur carita Robert Stanton tina masing-masing carita pondok. Sabada kapaluruh struktur caritana, saterusna nganalisis isu génder tina sawangan sosial-ékonomi, sarta citra sosial wanojana.

- 1) Téhnik Analisis Struktur Kumpulan Carita Pondok *Srikandi Néangan Gawé*

Ieu panalungtikan dimimitian ku analisis struktur kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé*. Anapon, tiori anu digunakeun pikeun nganalisis struktur

carita nyaéta tiori Robert Stanton anu ngawengku téma, fakta carita jeung sarana carita. Ku kituna anu baris dianalisis nya éta:

- a) téma;
 - b) fakta carita anu ngawengku galur, palaku/watek, jeung latar;
 - c) sarana carita anu ngawengku judul jeung puseur implengan.
- 2) Téhnik Analisis Isu Génder Kumpulan Carita Pondok *Srikandi Néangan Gawé*

Analisis isu génder anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nyaéta isu-isu gender anu aya patalina jeung widang sosial-ékonomi, nya éta:

- a) marginalisasi;
 - b) subordinasi ;
 - c) beban gawé wanoja;
 - d) dikakayana wanoja di lingkungan sosial.
- 3) Téhnik Analisis Citra Sosial Wanoja Kumpulan Carita Pondok *Srikandi Néangan Gawé*

Analisis citra sosial wanoja anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nyaéta mangrupa sikep jeung réaksi tokoh wanoja kana isu génder anu katémbong di lingkungan kahirupanana, nya éta:

- a) di lingkungan kulawarga;
- b) di lingkungan sosial.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Panalungtik kualitatif minangka *human instrument*, miboga fungsi pikeun netepkeun fokus panalungtikan, milih informan minangka sumber data, ngalakukeun pengumpulan data, ngajén kualitas data, nganalisis data, nafsirkeun data jeung nyieun kacindekan (Sugiyono, 2013, kc. 222).

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumen anu dipaké panalungtik dina ieu nganalisis data nyaéta kartu data. Fungsi tina kartu data nyaéta pikeun ngagampangkeun arsip analisis minangka

hasil idéntifikasi tina hasil maca. Instrumen kartu data dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun nganalisis struktur carita pondok, jeung kritik féminis sosialis anu ngawengku isu gender jeung citra sosial tokoh wanoja dina kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé*.

1) Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Carita

Tabél 3. 1
Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Carita

No.	Struktur Carita	Cutatan Carita	Kode Data
1.	Téma		
2.	Galur		
3.	Palaku/watek		
4.	Latar		
5.	Judul		
6.	Puseur Implengan		

2) Instrumén Ngumpulkeun Data Isu Gender (sosial-ékonomi)

Tabél 3. 2
Instrumén Ngumpulkeun Data Isu Génder

No.	Fokalisator	Palaku	Isu Gender				Cutatan	Kaca
			1	2	3	4		

Kode dina isu génder nyaéta (1) marginalisasi (2) subordinasi (3) beban gawé wanoja, (4) dikakayana wanoja di lingkungan sosial dina kumpulan carpon *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani.

3) Instrumén Ngumpulkeun Data Citra Sosial Wanoja (sosial-ékonomi)

Tabél 3. 3
Instrumén Data Citra Sosial Wanoja

No.	Fokalisator	Palaku	Citra Sosial Wanoja		Paragraf Cutatan	Kaca
			Kulawarga	Masyarakat		

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data ngeunaan struktur carita, isu gender, jeung citra sosial wanoja.

1) Kartu Data Struktur Carita dina kumpulan carpon *Srikandi Néangan Gawé*

Kartu Data Analisis Struktur (Téma, Galur, Palaku, Latar, Judul, jeung Puseur Sawangan)	
1. Kode Data	: SC/1/C1/1/9
2. Struktur Carita	: Téma
3. Cutatan Carita	: <i>Kalakuan siga kieu téh remen, geus lain sakali dua kali, kaéra dipiceun jauh-jauh, sumolondo seja ménta tulung rék gawé naon waé ogé moal bauan, tong ditingali pédah kuring sarjana, bisi beurat ngagajihna.</i>
4. Analisis	: Dumasar kana cutatan di luhur, kapaluruh yén téma dina ieu carita pondok nyaéta kasusah dina néangan pagawéan anu dialaman ku palaku wanoja.

Gambar 3. 1
Kartu Data Struktur Carita

Kode data : SC/1/C1/1/9

Keterangan : Kode SC nuduhkeun kana analisis struktur carita

Kode 1 nuduhkeun kana jenis struktur carita

Kode C1 nuduhkeun kana urutan carita pondok

Kode 1 nuduhkeun kana kode urut data

Kode 9 nuduhkeun kaca cutatan carita

Kode dina struktur carita nyaéta (1) téma, (2) galur, (3) latar, (4) karakter (tokoh), (5) judul, jeung (6) puseur implengan dina kumpulan carpon *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani.

2) Kartu Data Isu Génder (sawangan sosialis) dina kumpulan carpon *Srikandi Néangan Gawé*

Kartu Data Isu Gender	
1. Kode Data	: IG/3/C1/2/10
2. Palaku	: Srikandi
3. Cutatan	: <i>Kuring néangan gawé téh rék nyuluran salaki nu gawéna nyangkéré dina korsi panjang hareupen TV. Jabatanana mah luhur, manajer program, purah mudah-mudah chanel, néangan acara nu ramé. Tah sakitu kaayaanana téh, lamun salaki kitu maenya kuring rék cicing waé, enyaéta ogé aya tunjangan sosial ti kolot, tapi keur jaman sarwa mahal kieu mah angger wéh werit, jaba éra ari hantem waé dibanyuan mah, lain kadua nyenangkeun.</i>
4. Analisis	: Dumasar kana cutatan di luhur, kapaluruh yén isu gender anu nyangkaruk dina ieu carpon nyaéta beban ganda (<i>double burden</i>) dimana manéhna digawé leuwih loba jeung beurat dibandingkeun salakina anu pengangguran.

Gambar 3. 2
Conto Kartu Data Isu Génder

Kode data : IG/3/C1/2/10

Keterangan : Kode IG nuduhkeun kana analisis isu génder
 Kode 1 nuduhkeun kana jenis isu génder
 Kode C1 nuduhkeun kana urutan carita pondok
 Kode 2 nuduhkeun kana runtuyan data
 Kode 10 nuduhkeun kaca cutatan carita

Kode dina isu génder nyaéta (1) marginalisasi (2) subordinasi, (3) beban gawé wanoja, (4) dikakayana wanoja di lingkungan sosial dina kumpulan carpon *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani.

3) Kartu Data Citra Wanoja dina kumpulan carpon *Srikandi Néangan Gawé*

Kartu Data Citra Wanoja	
1. Kode Data	: CW/1/C1/3/10
2. Palaku	: Srikandi
3. Gambaran Citra Palaku	: <i>Usaha mah geus ampir béak déngkak, nepika ngalaman dagang asakan hareupeun imah, nu lamun ngukur kana pendidikan mah teu kurup. Tapi kabéh dilakonan lakar muka jalan usaha sугan gegedean jadi warung nasi, ...</i>
4. Analisis	: Dumasar kana gambaran citra palaku, kapaluruh yén tokoh Srikandi miboga sikep anu tanggung jawab, jadi wanoja nu kerja keras pikeun nyaimbangkeun ékonomi kulawargana.

Gambar 3. 3
Conto Kartu Data Citra Wanoja

Kode data : **CW/1/C1/3/10**

Keterangan : Kode CW nuduhkeun kana analisis citra wanoja

Kode 1 nuduhkeun kana citra sosial wanoja

Kode C1 nuduhkeun kana urutan carita pondok

Kode 3 nuduhkeun kana runtuyan data

Kode 10 nuduhkeun kaca cutatan carita

Kode dina citra sosial wanoja nyaéta (1) citra sosial dina kahirupan kulawarga jeung (2) citra sosial dina kahirupan masarakat dina kumpulan carpon *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani.

3.5 Data jeung Sumber Data


Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh eusi carita kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani, utamana anu aya patalina jeung struktur, sarta kritik sastra féminis anu ngawengku isu gender jeung citra sosial tokoh wanoja. Anapon data anu ngarojong kana ieu panalungtikan di antarana buku sumber, jurnal, jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna anu patali jeung ulikan struktural sarta kritik sastra féminis sosialis.

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta dina bentuk *papper* anu mangrupa buku kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani

edalan PT Kiblat Buku Utama anu kandelna 75 kaca. Dina nangtukeun sampel, digunakeun téhnik *purposive sampling*. Ieu sampel digunakeun kucara milih subjék dumasar kana tujuan-tujuan nu tangtu lain dumasar strata, random atawa daérah (Arikunto, 1989, kc. 127). Tujuan dina ieu panalungtukan nyaéta mangrupa cerpen-cerpen anu ngagambarkeun pasualan-pasualan dina lingkungan sosial-ékonomi.

3.5.1 Idéntitas Kumpulan Carpon Srikandi Néangan Gawé

Judul : Srikandi Néangan Gawé
 Pangarang : Tiktik Rusyani
 Medal : Citakan ka-1 taun 2014
 Citakan ka-2 taun 2022
 Penerbit : PT Kiblat Buku Utama
 Kandel Buku : 75 kaca
 Warna Buku : Konéng, hideung, beureum



Gambar 3. 4
 Buku Srikandi Néangan Gawé

Buku kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani medal taun 2014 ku PT Kiblat Buku Utama, citakan kaduana medal taun 2022. Ieu buku kumpulan carita pondok mangrupa karya kumpulan carita pondok Tiktik Rusyani anu kadua nu diterbitkeun sabada karya saacanna nyaéta *Lalaki na Tungtung Peuting* nu medal taun 2013. Dina buku kumpulan carita pondok

Felira Al Syifa Amarulloh, 2023

CITRA WANOJA DINA KUMPULAN CARPON SRIKANDI NÉANGAN GAWÉ KARYA TIKTIK RUSYANI
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Srikandi Néangan Gawé aya tujuh judul carita pondok, nya éta: (1) *Srikandi Néangan Gawé*, (2) *Nu Arindit Wanci Janari*, (3) *Apa*, (4) *Haté Indung*, (5) *Pindah*, (6) *Turus*, jeung (7) *Lilir*.

Masalah anu lolobana nyampak dina kumpulan carita pondok téh nyaéta masalah sosial-ékonomi. Salasahiji bukti yén sosial-ékonomi téh jadi masalah anu karandapan ku tokoh wanoja nyaéta aya dina kutipan carita pondok nu judulna *Nu Arindit Wanci Janari*.

“..., lain ku teu nyakola tapi geus jadi lalakon kudu hirup jadi warga negara kelas dua, gurem tur surem. Ieu peran anu kudu ditarima, da lain teu hojah tapi geus kulak canggeum bagja awak.” (Rusyani, 2014, kc. 19-20).

Kutipan di luhur mangrupa gagasan anu difokalisatoran ku tokoh Ibu (kuring) nyaéta anu jadi tokoh utama wanoja. Katitén yén kasang tukang tokoh Ibu téh mangrupa jalma anu nyakola tapi disagigireun éta nasib manéhna ngan saukur jadi *warga negara kelas dua*. Ari warga negara kelas dua téh mangrupa sesebutan keur warga negara anu ngalaman diskriminasi atawa diwatesanan ku lingkungan sabudeureunana.

3.5.2 Ringkesan Kumpulan Carpon *Srikandi Néangan Gawé*

Dina buku kumpulan carita pondok *Srikandi Néangan Gawé* karya Tiktik Rusyani aya tujuh judul carita pondok.

1) *Srikandi Néangan Gawé*

Nyaritakeun tokoh Srikandi, sarjana Jurusan Kesejahteraan Sosial. Manéhna aya di posisi anu susah jeung teu sugema. Lantaran manéhna masih sibuk asruk-asukan néangan gawé. Kaayaan nu susah téh alatan salakina anu di PHK. Ku kituna Srikandi anu jadi bébéakan mikiran kahirupanana jeung kulawargana. Hiji mangsa, Srikandi rék nepungan pingpinan hiji yayasan nu geus kakoncara, niat ménta tulung rék digawé. Tapi, niatna teu kalaksana lantaran Srikandi kudu taat kana prosedur pausahaan nu aya lamun hayang ngajukeun lamaran. Basa kaluar ti kantor yayasan, Srikandi panggih jeung Téty sobat manéhna di kampus. Srikandi dianterkeun balik ku Téty. Sanggeus ngadukeun nasibna ka Téty mah Srikandi balik deui ka imahna, nyanghareupan deui kanyataan hirupna anu pinuh ku

karudet. Sanajan kitu, Srikandi percaya kana kanyaah Alloh, satungtung ngarénghap kénéh, manéhna moal dék éléh tina kaayaan.

2) Nu Arindit Wanci Janari

Nyaritakeun tokoh Ibu anu sapopoéna kudu dagang di pasar, unggal wanci janari kudu ngaliwatan jalan sisi kuburan. Rék panas rék hujan kudu dilakonan pikeun napakahan kulawargana. Nasib tokoh Ibu ogé dialaman ku tokoh wanoja séjénna. Lantaran di pasar, katémbong kumaha para wanoja ngusahakeun manéh pikeun néangan napakah. Misalna, tokoh Dédéh nu dicaritakeun jadi randa umur 35-an, kudu tihothat néangan napakah keur tilu anakna. Dédéh boga tékad yén anak-anakna kudu laluhur sakolana sangkan nasibna bisa leuwih alus batan manéhna. Aya deui Nyi Emar anu sok dagang bari mamawa orok, salakina mah tukang mabok jeung remen teuteunggeul. Tokoh Ibu téh muji pisan kana kasabaran Nyi Emar. Tokoh Ibu téh boga anggepan yén hirup téh siga mesin, mékanismena jinek muter siga janari ka janari.

3) Apa

Nyaritakeun kahirupan kulawarga Titin anu jauh ti kaayaan harmonis. Hiji mangsa Titin meunangkeun iber ti Apa na anu ménta idin ka Titin rék nikah ka Ibu Hajah Latifah urang Tasik. Titin téh budak cikal ti pamajikan Apa nu kahiji, manéhna geus ditinggalkeun ku Apa na ti rumaja kénéh lantaran Apana nikah deui ka bu Hajah Tati urang Jakarta. Apa ninggalkeun indungna Titin jeung anak-anakna nyaéta Engkang Jatnika, Titin, Nanang, Ida, Ucu. Malah dua taun ti saditinggalkeun ku Apa, Engkang Jatnika pupus.

Apa anu harita geus ninggalkeun kulawargana ngabalukarkeun anak-anakna nu awéwé jadi anti poligami, lantaran ninggali kumaha indungna sangsara kudu napakahan anak-anakna, lantaran Apa teu bisa adil ka kulawarga nu di Bandung jeung di Jakarta. Nalika Tintin kudu ngabéjaan adi-adina yén Apa na rék nikah deui, Tintin ngusahakeun manéh jadi jalma anu nétral jeung teu émosian, lantaran manéhna anu dikolotkeun ku adi-adina. Tabah jeung sabarna indung Titin dijadikeun conto ku manéhna dina ngajalankeun kahirupan.

4) Haté Indung

Felira Al Syifa Amarulloh, 2023

CITRA WANOJA DINA KUMPULAN CARPON SRIKANDI NÉANGAN GAWÉ KARYA TIKTIK RUSYANI
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Nyaritakeun kahirupan Ningrum tina puseur sawangan indungna. Dimana indungna ngarasa nasib Ningrum téh pangbédana ti anak-anakna nu séjén. Ningrum diasuh ku kolotna sarua siga ngasuh anak-anakna nu séjén, bisa disebut teu susah malah disakolakeun nepi ka lulus *cumlaude*. Disebut béda nasib téh tina kahirupan rumah tanggana. Ningrum mah hiji-hijina budak anu teu ngumbara siga lanceuk jeung adina, cicing di lembur jeung salakina. Nu jadi indung sok ngarasa karunya ka Ningrum, lantaran hirup pas-pasan jeung boga salaki anu timburuan. Ningrum anu boga pangabisa dina nyieunan kuéh, teu bisa tuluy usaha lantaran teu diidinan ku salakina. Basa mangsana rék lebaran, Ningrum bruk-brak ka kolotna yén manéhna hayang pipisahan jeung salakina. Alesan Ningrum téh pédah salakina boga pamajikan deui malah keur kakandung, manéhna ogé hayang leupas jeung hayang mandiri napakahan budakna.

5) Pindah

Dicaritakeun yén Pa Dani jeung pamajikanana kudu réla imah séwaana rék dijual ku nu boga taneuh. Lantaran teukamampuan Pa Dani sacara ékonomi pikeun meuli éta lapak. Ieu hal méré dampak ogé kana usaha anu dijalankeun pamajikanana, nalika manéhna kudu ngarélakeun lapak dagangna anu salila ieu jadi ladang pikeun nyiar napakah. Pa Dani néangan tarékah, ménta tulung ka adina tapi teu hasil. Manéhna boga anggepan yén lamun kudu nginjeum ka bank mah loba prosédur, komo lamun méré injeuman ka UKM mah matak nalangsa. Ahirna Pa Dani ngan bisa ngaihlaskeun imah nu rék dijual téa, jeung ngayakinkeun pamajikanana lamun manéhna bakal tanggung jawab néangan kipayah jeung percaya yén aya kénéh Alloh anu jadi tempat pamuntangan.

6) Turus

Nyaritakeun tokoh utama anu mangrupa budak cikal, manéhna geus sukses hirup di kota bareng jeung pamajikan sarta budak-budakna. Tapi ahirna rumasa can bisa jadi turus kulawarga tisaprak ditinggalkeun maot ku bapana. Manéhna sadar salila ieu can bisa nyugemakeun ka nu jadi kolot, padahal harita usaha kolot pikeun nyakolakeun manéhna téh gedé pisan. Sabulan saacan bapana maot, manéhna geus apal yén bapana kudu dirawat, tapi can bisa nepungan lantaran aya

dines ka luar nagri. Salian ti kitu ogé manéhna apal yén pamajikan jeung anak-anakna téh teu betah lamun dibawa ka lemburna.

Waktu apal réngréngan akademisina rék ngilu ka Panyingkiran, manéhna ngarasa bingung jeung éra. Mereun kaayaan kulawargana téh bakal katémbong. Basa bérés ti nguburkeun layon bapana, ujug-ujug datang hujan badag jeung angin gedé. Imah kolotna nu geus waktuna dibenerkeun téh geus rugrug tiheula ku angina gedé. Kitu ogé mobil pamajikanana katinggang ku tangkal. Manéhna ngarasa kajadian éta téh mangrupa paneunggeul ti Alloh keur manéhna jeung pamajikanana.

7) Lilir

Nyaritakeun tokoh utama anu sapopoéna dagang és krim. Tapi harita mah dagangan téh keur teu laku lantaran usum hujan anu antukna ngaruh kana penghasilanana. Basa éta manéhna keur ngiuhan di hiji masigit, lantaran keur hujan angin. Waktu keur ngiuhan manéhna mikiran nasib katukang, kumaha tihothatna dagang. Ti mimiti dagang baso nepi ka diajar nyieun és. Lamunan manéhna kapegat ku sora Adzan ti masigit, manéhna nu kaitung belang betong solat ahirna mah ngilu ka masigit da éra ku batur nu sarolat jamaah. Waktu beres solat, niat rék ngabaran pamajikanana tapi manéhna sadar yén HP anu aya dina laci gorobak téh aya nu nyokot. Kajadian éta ngajadikeun dirina leuwih tabah, jeung nyieun kaputusan rék balik heula ka lemburna. Moal jadi pareum sumangetna pikeun néangan kipayah keur kulawargana.



3.5.3 Biografi Pangarang

Tiktik Rusyani, lahir di Cibaréngkong, Bandung, 28 Séptémber 1965. Anu ayeuna nganjrek di Komplek Margahayu Kencana, Kopo Sayati, Bandung. Riwayat atikan Tiktik Rusyani, nyaéta di sakola di SDN Pajagalan 47 Bandung, SMP Pasundan 1 Bandung, SMA Negeri 1 Magahayu, jeung STKS jurusan sosial.

Gambar 3. 5 Tiktik Rusyani

Felira Al Syifa Amarulloh, 2023

CITRA WANOJA DINA KUMPULAN CARPON SRIKANDI NÉANGAN GAWÉ

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ku ayana kasang tukang atikan dina widang sosial, Tiktik Rusyani ogé aktif di LSM Bandung anu mindeng ngabahas ngeunaan kawanojaan. Salian aktif dina widang sosial Tiktik Rusyani ogé jadi wirausahawati, nyaéta muka bisnis kulinér. Dina widang kapangarangan, Tiktik Rusyani aktif dina organisasi PATREM (Paguyuban Sastrawati Sunda) anu kungsi jadi pangurus Humas taun 2018. Lian ti organisasi, ogé aktif dina komunitas online, di antarana Grup Fiksimini Basa Sunda, Pustaka Sunda, jeung Grup Ngarang Carpon (NC).